

**ЦАРД ÆРЦÆУН КУД ЗОНУЙ, УОТÆ Æ КЪИЛДУН ФЕЗДАХУНМÆ ДÆР АРÆХСУЙ!..**

*Гюстав ФЛОБЕР (1821-1880), францугаг финсæг: «Исонибон нин сагъæссаг исуй, евгъуд нæбæл ниддæвдæг æй, æнцад нæ нæ уадзуй, æма уой фудæй ба ни нæ абони бон иронхуати райзайуй... Саугæнгæ фудонхæ ци 'й, уой дæр нæбал хатæн, нæбал æй æртасæн...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№46 (1015) 2025 анзи 6 декабрь – цæппорсей мæйæ

Аргъ 1 туман


**МИНДЗАЙТИ Валентинæ**

## АЙДÆНÆМÆ...

*«Ка дæ?» – айдæнæмæ*
*Дæдтун мæ фарста.*
*«Ка дæ?» – æвæлмастæй*
*Æ дзуапп рагæлста.*

*«Ци 'й гоймаг?» – фæрсун дæ,*
*Дуйнесфæлдесæг.*
*«Ци 'й нæ цард?» – агорун*
*Царди 'нæбæрæг.*

*Цæмæн фæцæй дехгонд*
*А дуйне усми?*
*Цæмæн цард равзурстæй*
*Гоймаги бæрни?*

*Фарстатæ, фарстатæ,*
*Нæ син ес кæрон.*
*Уогæ, ци уæлдай си! –*
*Мæ фæндаг дарон…*

*«Ка дæ?» – уæддæр бабæй*
*Бурсуй и фарста.*
*«Ка дæ?» – фарсти нисан*
*Никъолуй цæстæ…*

Нæ аййевадон литературæ зæрдтагон кæмæн æй, уонæбæл æрæги исæмбалдæй дессаги æхцæуæн хабар – мухури рацудæй зундгонд поэт æма публицист Миндзайти Валодий кизгæ Валентини æмдзæвгити æмбурдгонд «Фæлварæнтæ». Исфæлдистадон искурдиади алæмæтдзийнадæ уомæй æй, æма кæмæ разиннуй, уомæн е фæууй Хуцауæй аккаггонд хуарзæнхæ. Æма уомæй хайгин æй Миндзайти Валентинæ дæр. Уæхæн адтæй, киунуги рацуди фæдбæл Дзæуæгигъæуи централон киунугæдони æрæги ци мадзал рацудæй, уоми ка радзурдта, уони еумæйаг гъуди. Уой фæдбæл æрмæгутæ абони мухур кæнæн нæ газети 4-5-аг фæрстæбæл.




**АРФÆ КÆНÆН**




## ЗУНДИ ХÆЗНА ЗУНДГИНТÆМÆ АГОРÆ

Еугуруæрæсеуон æхсæнадæ «Зонадæ» фегъосун кодта, бæсти регионти ахедгæдæр рохситауæн проекттæбæл ка бакуста, еци авторон къуæрттæ æма хецæн адæймæгути номхигъд. Хуæздæрти номхигъди æнцæ Цæгат Иристони минæвæрттæ дæр.

Жюрий унаффæй хуæрзеуæг «Зонадæ. Премиь» æма кадгин ном «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий хуæздæр рохситауæг» лæвæрд æрцæудзæнæй физикон-математикон Республикон лицей-интернати уæлæнхасæн ахуради педагог **Годжицати Анжелæн**.

Ахургæнæг урух æма ахедгæ куст кæнуй ирæзгæ фæлтæри хæццæ, скъоладзаути æмхец кæнуй матемтикæмæ, амонуй син æндæр науките сосæгдзийнæдтæ. Æрæги Анжели хъæппæресæй арæзт æрцудæй республикон фестиваль «ИнфоФест». Еци рохситауæн-ахурадон проекти архайæг иссæнцæ 200 ахурдзауемæй фулдæр. Еци фæсевæдæн ахургæнæг бацæттæ кодта мастер-класстæ æма лекцитæ математикæ æма нимæдзон технологити тематикæбæл. Годжицати Анжелæ æ аллибони педагогон æма рохситауæн кусти урух пайда кæнуй нуриккон ахурадон методикитæй, косуй хуæдбундор авторон проекттæбæл, æ гъомбæлкæнуйнæгти размæ хæссуй раззагдæр нимæдзон технологитæ…

Хуæздæр рохситауæн проектти номхигъдмæ ба федералон жюри Цæгат Иристонæй бахаста Уæрæсей æригон дирижерти форум. Еци агъазиау исфæлдистадон проектбæл бакуста музыкалон аййевади райрæзтæн агъазгæнæг фонд «Культурон столицæ» (æ разамонæг – **Хъарданти Зæлинæ**). Фонди хъæппæресæй дзæуæгигъæуккаг форуммæ уæрæсейаг регионтæй æрæмбурд æнцæ 115 æригон дирижери. Цалдæр боней дæргъи син зундгонд æма фæлтæрдгин музыканттæ, æндæр специалисттæ арæзтонцæ мастер-класстæ æма профессион дæснидзийнади ахуртæ. Форуми архайгутæн адтæй концерттæ дæр зартæгæнгути æма симфонион оркестри концерттæ дæр.

Æхсæнадæ «Зонадæ»-йи пресс-секретарь Цæгат Кавкази федералон зилди **Мария Теплинская** куд радзурдта, уотемæй федералон жюрий унаффи «Зонадæ. Премиь»-й уæлахездзаутæбæл нимад æрцудæнцæ æртæсæдемæй фулдæр рохситауæг æма рохситауæн проекти еугур уæрæсейаг регионтæй.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**


http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

№46. 2025 анз.
6 декабрь – цæппорсей мæйæ
ДИГОРÆ

*Иван КРЫЛОВ (1769-1844), финсæг: «Æцæг раст адæймаги ихæс æй æхсæнадæн кæмидæриддæр æма кæддæриддæр пайда хæссун, кæд уæхæн хуарзи цæгун æ бон æй, уæд... Амондгун е нæй, амондбæл ка фæххуæстæй. Амондгун е æй, амондмæ æнгъæлмæ ка кæсуй...» Уомæ æнгъæлмæ кæсгæй ба, цæмæй нæмæ тагъддæр фæззинна, уобæл ба гъæуама нæхуæдтæ æвæллайгæй архайæн.*

**ЦÆГАТ ИРИСТОНИ СÆРГЪЛÆУУÆГ СЕРГЕЙ МЕНЯЙЛОЙ ДЗУÆППИТÆ НÆ РЕСПУБЛИКИ ЦÆРГУТИ ФÆРСТИТÆ ÆМА КУРДИÆДТИ ФÆДБÆЛ**




# БÆЛДТАГ НИСАНТÆ ÆНТÆСУНЦÆ РАУОН-ЦИУОН АРХАЙДИ ФÆРЦИ

Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойæн** 3 декабри адтæй «комкоммæ бастдзийнадæ» Цæгат Иристони цæргути хæццæ. Телеканал «Осетия-Иристон»-и комкоммæ эфири республики Сæргълæууæг лæмбунæг æма берæвæрсуг дзуæппитæ лæвардта региони цæргути берæ фарстатæн. Республики разамонæгæн адæми хæццæ уæхæн фембæлд арæзт æрцудæй нур фæндзæймаг хатт.

Дæлдæр мухур кæнæн, «комкоммæ бастдзийнади лини»-йи дзубанди ци ахсгиаг фарстатæбæл рауадæй, уобæл цубургонд рафæлгæст.



## ЦÆРÆНУÆТТÆ ÆМА РЕГИОНИ КОМПЛЕКСОН РАЙРÆЗТ

«Комкоммæ бастдзийнади лини»-йи фарстатæй еу баст адтæй сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн цæрæнуæттæ дæттуни хæццæ.

Республики Сæргълæууæг куд фегъосун кодта, уотемæй адæми аци къуари минæвæрттæн берæфадуатгин цæрæнуæттæ дæттуни нисани хæццæ федаргонд æрцудæй сæрмагонд республикон программæ. Куд нисангонд цæуй, уотемæй уой фæлгæти фиццаг цæрæнуатон комплекс аразун райдайдзæнæнцæ Ногири гъæумæ хæстæг. Фæстæдæр уæхæн комплекстæ фæззиндзæнæнцæ Цæгат Иристони еугур районти дæр.

– Сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма адæми æндæр къуæрттæн уодзæнæй аслandæр аргъæй хе хæдзарæ (зæнхи хаййи хæццæ) балхæнуни фадуат. Æ фæзуат 75-95 квадратон метри кæмæн уа, еци хæдзари аргъ тæккæ фулдæр уодзæнæй 6,5 миллион сомей бæрцæ. Уой хæццæ, сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн уæхæн хæдзæрттæ балхæнунæн фæййагъаз уодзæнæй цæрæнуатон субсиди республикон бюджетæй фæйнæ 2 миллион сомей бæрцæй.

Адæми фарстатти еу хай баст адтæй проект «Долина Симд»-и хæццæ дæр.

– «Долина Симд» æй региони идарддæри комплексон райрæзти ахедгæдæр проекттæй еу. Амунд проекти сæйраг хецæндзийнадæ е æй, æма цæрæнуæтти хæццæ еци-еу рæстæг арæзт цæудзæнæй еугур гъæугæ иннæ социалон инфраструктурæ дæр. Республики нæуæг фæзуæтти идарддæри райрæзтбæл лæмбунæг бакосун гъæуй, æма еци архайд цæудзæнæй комплексон уагæбæл. Ракæсайтæ: хæдзæрттæ – берæ, квадратон метртæ дæр уотæ… Фал сæ фарсмæ нæдæр скъолатæ æма рæвдауæндæнттæ ес, нæдæр æндæр социалон объекттæ. Комплексон райрæзти проекттæбæл косгæй, еци аййеппитæн бунат нæбал уодзæнæй, – бафеппайдта Сергей Меняйло.

## ТРАНЗИТОН ХУÆДТОЛГИТÆ – АЙДАГЪДÆР САХАРТИ ЕУВÆРСТИ

Дзæуæгигъæуи цæргутæй еуей фарстайæн дзуапп дæтгæй, республики разамонæг лæмбунæг æрлæудтæй, транзитон транспорти змæлд фæннивæбæлдæр кæнунбæл куст куд цæуй, уобæл.



Куд зонæн, уотемæй фæстаг рæстæг федералон нæдтæмæ хæстæг цалдæр рауæнеми фæззиндтæнцæ транзитон транспортæн рæстæгмæ æрлæууæн бунæттæ. Фал Сергей Меняйлой гъудимæ гæсгæ, етæ фагæ нæ 'нцæ.

– Уæрæсей транспорти Министради хæццæ бадзубанди кодтан, транзитон транспортæн уæхæн æрлæууæн бунæттæ ке фæффулдæр уодзæнæнцæ, уобæл. Еугур транзитон транспорт дæр гъæуама цæуа сахартæ æма иннæ цæрæнбунæтти еувæрсти – уæхæн фæткæ æ тухи бацæудзæнæй 2030 анзи уæнгæ. Уæдмæ ба бал гæнæн æма амалæй архайд цæудзæнæй, цæмæй уæззау транзитон транспорт минкъийдæр тухстдзийнæдтæ æвзарун кæна нæ сахартæ æма гъæути цæргутæн, – зæрдæ байвардта регионирно разамонæг.



## ÆХСÆНАДОН ТРАНСПОРТИ ЛÆГГÆДТÆ

Адæми фарстати еу хай баст адтæй æхсæнадон транспорти кусти къулумпидзийнæдти хæццæ, бæлццæнттæ ласæн архайд фæххуæздæр кæнуни хæццæ.

Уонæбæл дзоргæй Сергей Меняйло Транспорти республикон комитети разамундæн баихæс кодта, цæмæй рагъуди кæна Дзæуæгигъæуи Доватори проспектбæл (Барбашови гъæунгæй Цоколай-фурти гъæунги уæнгæ), уæдта æндæр бунæтти нæуæг маршруттæ рауадзунбæл. Уомæй уæлдай, комитетæн амунд æрцудæй, цæмæй аргъгонд æрцæуа, Дзæуæгигъæуæй Беслæни аэропортмæ ци маршрут косуй, е цæйбæрцæбæл пайдайаг æй, уомæн.

– Лæмбунæг æркæсетæ, сахарæй аэропортмæ цæуæг автобусæй бæлццæттæ куд пайда кæнунцæ, уомæ. Уавæр кæми домуй, еци маршруттæбæл фæффулдæр кæнетæ автобусти нимæдзæ, – бафæдзахста Цæгат Иристони Сæргълæууæг.

Æхсæнадон транспорти лæггæдтæ фæннивæбæлдæр кæнуни туххæй Сергей Меняйло профилон ведомствити разамонгутæн равардта æндæр амунддзийнæдтæ дæр.

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ ГЪÆУАЙКÆНУЙНАДИ ФАРСТАТÆ

Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади инфраструктури объектти уавæрбæл дзоргæй, Сергей Меняйло куд фæббæрæг кодта, уотемæй Уæллаг Фиййагдони пульмонологон центри нæуæг бæстихаййи арæзтадæ райдайдзæнæй федæни анзи.




– Уæрæсей Президенти хæццæ фембæлдтитæй еуеми Фиййагдони пульмонологон центри райарæзти туххæй фарста исæвардтон. Æма нур нæ къохи бафтудæй еци фарста бони фæткæмæ рахæссун. Центри модернизаций проекти техникон ихæслæвæрди нимад æрцудæнцæ еугур нуриккон домæнтæ дæр, цæмæй исонибони косæндонæ уа санитарон домæнти аккаг (зæгъæн, нуртæккæ си кæдзосгæнæн-канализацион ефтонггæрзтæ дæр нæййес), – радзурдта Сергей Меняйло.

Центри нæуæг бæстихаййи арæзтади рæстæгмæ агъазгъæуагæ адæмæн пульмонологон лæггæдтæ кæндзæнæнцæ фæсевæдон центр «Барс»-и (е дæр æй Фиййагдони).

Республики Сæргълæууæг сæрмагондæй æрлæудтæй медицинон косæндæнттæ æма сæйгити льготон къуæрттæн хуастæ æлхæнуни гъуддагбæл. Регионирно разамонæг Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæн баихæс кодта, цæмæй гъæугæ хуастæ æлхæнуни фæдбæл базарадон процедуритæ æнхæстгонд цæуонцæ рагацау. Уой фæрци гъæугæ хуастæ республикæмæ ласуни гъуддаги къулумпитæ нæ уодзæнæй.



## СÆ ИРИСХЪÆ ÆБÆРÆГÆЙ НÆ БАЙЗАЙДЗÆНÆЙ

2025 анзи Дзæуæгигъæуи байгон æй, сæрмагонд æфсæддон операций тæлми æбæрæгæй ка фесавдæй, еци тугъдонти ирисхъæ рабæрæг кæнуни фарстатæбæл косæг центр.

Еци структури сæ хъæуритæ æрбангом кодтонцæ Цæгат Иристони æфсæддон комиссарадæ æма бархеуон фæдагорæн къуар «Своих не бросаем»-и минæвæрттæ. Етæ сæ вазуггин архайд æнхæст кæнунцæ Цæгат Иристони Сæргълæууæг æма Хецауади Администраций, федералон фонд «Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ»-йи регионалон хайадæ, Уæрæсей Федераций гъæуайкæнуйнади Министради æфсæддон дæлхайæдтæ æма æндæр профилон структурити хæццæ æнгом æмгустади фæрци.

– Исæвзургæ уавæрти сæйрагдæр æй, цæмæй æбæрæгæй исæфт тугъдонти ирисхъи туххæй раст хабæрттæ хъæртун кæнонцæ сæ бийнонтæ æма хеуæнттæмæ. Нуриуæнгæ уæхæн архайдбæл хуæст адтæнцæ цалдæр хецæн къуари, фал нур еци вазуггин куст уодзæнæй еу структури бæрни, – бафеппайдта Сергей Меняйло.

* * *

«Комкоммæ бастдзийнади лини» ку цудæй, уæдмæ ма еугур фарстатæ æма курдиæдтæбæл бафтудæй 1,5 миней бæрцæ. Етæ баст адтæнцæ ахурадæ æма æндæр къабæзти райрæзти хæццæ, цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради нивæбæлади хæццæ, сахартæ æма гъæути фæлгонцади хæццæ, нæдти цалцæг æма аллибони цæрди æндæр ахсгиаг фарстати хæццæ. Равдисти рæстæг бунат ци фарстатæн нæ разиндтæй, етæ æрвист æрцæудзæнæнцæ хецаудзийнади республикон æма муниципалон оргæнтæмæ, цæмæй алли тухстаг фарстатæ æма курдиæдтæбæл дæр идарддæр куст æрцæуа.

*Æрмæг бацæттæ кодта ХЕКЪИЛАТИ Маринæ*

**Коррупций нихмæ тохи Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 9 декабри. Хъæбæр секкаг æй, еу бони мадзæлттæй еци азар кунæггонд æрцæудзæнæй...**

**НÆ РÆСТДЗИЙНАДИ СÆРБÆЛ ГЪÆУАМА НÆХУÆДТÆ УÆН СÆРБÆЛДЗОРÆГ ДÆР ÆМА Æ ГЪÆУАЙГÆНÆГ ДÆР!..**



# БÆГЪАТÆРТИ НАМУС – НÆ КÆСТÆРТÆН НИФСДÆТТÆГ, СÆ РАЗÆНГАРДГÆНÆГ!..

Хуæрзæрæги æртæ боней дæргъи (3-5 декабри) Дзæуæгигъæуи Хъæбæлоти Билари номбæл сувæллæнтти исфæлдистадон Галауани æ куст кодта историон-патриотон проект «Уæлахези марафон»-и бундорбæл арæзт фестиваль «Æма бабæй идарддæр цæуй тох!..» («И вновь продолжается бой!..»). Арæзт æрцудæй Иристони раздæри рæстæгути бæгъатæрти æма нури сæрмагонд æфсæддон операций æхсаргин архайгути кадæн. Æ сæйраг еугæнæг гъуди ба иссæй алæмæти зæрдæмæгъаргæ загъд: «Уæрæсе адтæй, Уæрæсе æй, Уæрæсе уодзæнæй!..»

Мадзал байгон кæнуни фæдбæл фицдаг бон ци цитгин æмбурд арæзт æрцудæй, уоми архайдтонцæ: Дзæуæгигъæуи æфсæддон комиссар **Бегизати Роберт**, Уæрæсей Федераций хъæйтар, Цæгат Иристони фæллойнæ æма социалон ирæзти министр **Абайти Юрий**, Цæгат Иристони национ политикæ æма æндагон бастдзийнæдти министр **Бæгъиати Алан**, Цæгат Иристони Архивон службæ разамонæг **Хайманти Барис**, Цæгат Иристони тугъди ветеранти Комитети сæрдар **Азиати Александр**, Цæгат Иристони фæсевæди гъуддæгути фæдбæл Комитети сæрдар **Джусойти Руслан**, нæ республики кадетти скъолай æма 5-аг училищей æнæнгъæлæги цаути хайади ахурдзаутæ.

Фестивали ахсгиаг нисанеуæг æй ирæзгæ фæлтæртæн лæдæрдæй лæмбунæг радзорун, Иристони дзиллæ Уæрæсей сæрбæлтау еугур тугъдтитæ æма буцæути дæр уодуæлдайæй ке архайдтонцæ, æма абони, Украини ци сæрмагонд æфсæддон операци цæуй, уоми дæр бабæй иннæ адæмихæттити минæвæртти хæццæ усхъæй-усхъæмæ знаги нихмæ тохи алæмæти æскъуæлхтдзийнæдтæ ке 'вдесунцæ нæ бæгъатæр фæсевæд. Æма нæ бæгъатæртæн сæ цитгийнаг нæмттæ ба фидибæстон тугъдон анзфинсти сугъзæрийнæ дамугъатæй финст ке 'рцудæнцæ, уой æвдесæг цаутæ æма хабæрттæ æцæгæдзийнадæ нæ кæстæртæ гъæуама бæлвурдæй зононцæ, сæ ирисхъæ рæстмæ æма æнтæстгинæй арæзунæн син гъæуама бафæнзуни дæнцæ уонцæ.

Мадзал райдæдзи фæдбæл æмбурд байгон кодта Азиати Александр. Æма æ радзубандий æримиста нæ республики бæгъатæр фæлтæрти æскъуæлхтдзийнæдтæ 'вдесæг цаутæ æма хабæрттæ, уæлдайдæр ба Устур Фидибæстон тугъди рæстæги цаутæ æма хабæрттæ. Æма уони кой хумæтæги нæ ракодта – нæ Фидибæсти алæмæти кадæ æма намус цæсти синдзи хузæн кæмæн æнцæ, етæ абони сæ фæрсмæзунд æма фудзæрдæй архайунцæ историон æцæгдзийнадæ исхъуммитæ кæнунбæл, гъавунцæ нæ кæстæр фæлтæрти сæризунд сæхе пайдайæн низдухтитæ кæнунбæл.

**АДÆМОН ИСФÆЛДИСТАДÆЙ**

**СОВЕТОН ХЪÆБАТЫРТЫ ЗАРÆГ**

Гъей, фæдисы хъæр куы айхъуысти, фæдисы хъæр, ләппутæ,  
Гъей, нæ Райгуырæн бæстæйыл, гъей!  
Нæ цытджын парти нæм куы сиды, фæсивæд,  
Байхъусут, тох æрцыд, хæсты тох, гъей!  
Ой, фæдис, домбай Уæрæсе, гъей!  
Мæнæ сау знаг нæ уæрзон бæстæмæ куы 'рбалæбурдта.  
Гъæйтт, мардзæтæ!  
Гъей, тохы бон куы æрцыдис, гъей!  
Уыцы фæдисы хъæрмæ нæ хъæбатыртæ куы араст вæййынц, гъей!  
Гъей, тох æрцыдис, хæсты тох,  
Куы дзурынц кæрæдзимæ, гъей!  
Уæ, арфæ уын, нæ æфсымæртæ,  
Стыр Уырысы адæм, гъей!  
Махæн нæ хæхбæстæй сау знаджы чи фæсырдта,  
Гъæйтт, мардзæтæ, тох æрцыд, хæсты тох, гъей!  
Гъей, Плиты Иссæ бадзуры, ләппутæ!  
Гъæйтт-мардзæ, нæ Иры фæсивæд, бахъуыди ләджы сæр,  
Тох куы 'рцыдис нæ Райгуырæн бæстæйыл, гъей!  
Гъеныр Гитлеры лæгхор фашисттæ  
Партийы разамындæй саст куы 'рцыдысты, гъей,  
Гъей, æцæг саст куы æрцыдысты, ләппутæ, гъей!  
Тох æрцыд, хæсты тох, фæсивæд.  
Гъей сомихаджы зæрингуырдтæ  
Кард æмæ рон скодтой, гъей!  
Гъеныр махæн та нæ хъæбатыртæ  
Кад æмæ ном скодтой, гъей!

*Цæгат Иристони адæмон исфæлдистади Хæдзари фольклорон æрмæгæй.*

Æма цæмæй син уомæй маци рауайа, нæ рæстдзийнади æцæгдзийнадæ гъæуайгонд æрцæуа, уомæ гæсгæ ба еугур еци знаггадæхæссæг миутæн карз нихкъуæрдæй кæронгонд цæуа.

– Иристони адæм кæддæриддæр тугъдон лæгдзийнæдтæй намусгин адтæнцæ, – загъта Азиати Александр. – Уæрæсей исконди кæдæй ан, уæдæй фæстæмæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ æновуд æма рæстæй хъазауат кæнæн нæ паддзахади хуæрзагадæн. Нæхе æгæр æстауæн, зæгъгæ, мин маке балæдæрæд мæ бафарст, фал, зæгъайтæ, нæ Фидибæсти Бæгъатæри номхæссæг хъайтартæ махæй фулдæр кенæ мах бæрцæ кæци адæммæ ес? Нæ хестæр фæлтæртæ Устур Фидибæстон тугъди ци лæгæвзарæн нæдтæбæл рацудæнцæ, етæ нин цитгин æнцæ, таурæхъон ка иссæй, уæхæн бæгъатæр æма æхсарддзийнади æскъуæлхтитæй. Мадта нæ нури фæлтæртæ сæрмагонд æфсæддон операций ка архайуй, етæ дæр æвдесунцæ алæмæти æхсарæ. Уомæн æвдесæн æй е дæр, æма Уæрæсей Бæгъатæри ном лæвæрд æрцудæй Иристонæй аст тугъдонемæн. Мæн фæндуй, цæмæй нæ фæсевæд, ирæзгæ фæлтæр макæд иронх кæнонцæ, нæ абони сæребарæ цæрди сæрбæлтау евгъуд рæстæгути удуæлдайæй ка тох кодта æма абони дæр бабæй тугъди будури ка хъазауат кæнуй, еци бæгъатæрти нæмттæ, уони тугъдон намус син нифсдæттæг, разæнгардгæнæг куд уа æма арфиаг гъуддæгутæй æскъуæлхунмæ.

Фестиваль игон кæнуни фæдбæл мадзал арæзт æрцудæй æмдзубандий бундорбæл. Абайти Юрий, Бæгъиати Алан дзуæппитæ лæвардтонцæ ахурдзаути фарстатæн, дзурдтонцæ сæрмагонд æфсæддон операций ахедундзийнадæбæл, патриотизм ци 'й, нерæнгæ сæ ирисхъи нæдтæдæбæл ка нæхстæр кæнуй, еци æригæнттæн, сæ исонибон син цæмæй зæрдæмæдзæугæ рауайа, уой тухæй ци æма куд арæзгæ 'й, еугур еци хабæрттæбæл. Абайти Юрий куд радзурдта, уотемæй тугъдони удигъæдæ утæ арæзт æй, æма, Фидибæстæ дæ кумæ иснисан кæна, уордæмæ æнæ еу дзурдæй гъæуама рандæ уай æма дин ци ихæсгонд æрцæуа, уой тæккæ хуæздæр хузи исæнхæст кæнай. Утæ рауадæй æригон тугъдони ирисхъи хабар дæр:

– Некæд адтæн æнгъæл уой, æма мæ фæллойнæ æма социалон райрæзти министрæй иснисан кæндзæнæнцæ. Æз тугъдон лæг дæн æма ахур дæн карз уавæртæбæл, къæрцгъос унбæл, Фидибæсти сæрбæлтау архайгæй, хе цардбæл гъуди кæнун дæр куд нæ гъæуй, фал дин сæйрагдæр ба гъæуама уа, ке дин бабарæ кодтонцæ, еци ихæс исæнхæст кæнун. Кæддæр æз дæр мæнæ аци кæстæрти бунати адтæн æма мин адтæй, федар æгъдау æма фæткæ ин ка домдта, уæхæн ахургæнгутæ æма ниййергутæ. Етæ мин мæ уод æма зунди исфедар кодтонцæ хъаурæгин ун æма Фидибæстæ зæрди æновуддзийнадæй уарзуни менеугутæ, æма си уомæй абони хъæбæр боз æма арфиаг дæн.

Фестивали иннæ бæнтти архайгутæн ма берæ аллихузон фембæлдтитæ адтæй. Зæгъæн, абони тугъди будури æдæрсгæй, тæссаг уавæрти архайгæй, уоми уавæртæ æма цаутæ æцæгæй куд æнцæ, уони æма не 'хсаргин тугъдонти лæгдзийнæдти тухæй хабæрттæ нæ бæсти дзиллитæмæ ка хъæртун кæнуй, еци æфсæддон уацхæсгутæ **Мамсурати Георгий**, **Елизаветæ Пиворович**, **Ани Унаняний** хæццæ. Мадзали рæстæг ма æвдист цудæнцæ, сæрмагонд æфсæддон операций нæ батальон «Алани» æма «Осетия»-йи къуæртти бæгъатæр архайди фæдбæл документалон киновитæ. Дзубанди ма цудæй, нæ республики еугур районти дзиллæ дæр куд æрбангом æнцæ æма еумæ куд архайунцæ нæ тугъдонтæ æма нæуæг фæзуæтти цæрæг адæмæн аллихузон гуманитарон мадзæлттæй агъаз кæнунбæл.

* * *

Нæ Цитгин Уæлахезбæл цуппаринсæй анзи ке исæнхæст æй, уой хæццæ ба ма Уæрæсей аци анз нисангонд ке 'рцудæй куд Фидибæстæ гъæуайгæнæги Анз, уой кадæн Мæздæги исфæлдистади центрон Хæдзари арæзт æрцудæй граждайнаг-патриотон зари фестиваль-конкурс.

Мадзали архайгутæ сæ зæрдæмæдзæугæ аййевадæй искадгин кодтонцæ, нæ Райгурæн бæсти сæребарæ æма хуæдбарæдзийнадæ раздæри рæстæгути знæгтæй ка багъæуай кодта æма 'й абони ка гъæуай кæнуй, уони æма се 'скъуæлхтдзийнæдтæ. Адæми зæрдæмæ хъæбæр фæццудæнцæ, ци зартæ си райгъустæй, етæ еугурæй дæр, уæлдайдæр **Цæллагти Лариси** финст зар «Авд хърихъуппи», разардтонцæ 'й искурдиадæгин ахурдзаутæ **А.Абрамян**, **В.Грузнов**, **В.Завертяева** æма **П.Параскевич**, фæндурæй ба син рацагъта музыки дæсни ахургæнæг **Еленæ Вовченко**. Æма хумæтæги нæ исаккаг кодтонцæ аци зарæн фестивали сæйраг хуæрзеуæг дæр.

Ахурдзаути дессаги аййевадон арæхстдзийнадæн фестивалмæ æрбацæуæг дзиллæ се 'гæрон цийнитæй бæрзонд аргъ ке искодтонцæ, е æхцæуæн æй, уомæй æхцæуæндæр ба е æй, кæстæртæ еци зартæ куд зæрдибунæй ракодтонцæ, е – бæрæг адтæй цæйбæрцæбæл ахсгиаг син æй уæхæн гъуддаги архайун. Бæрæг адтæй, нæ Фидибæсти кадæ æма намуси цаутæ æма хабæрттæ иронхгæнгæ ке нæ 'нцæ, еци табуйаг зундирахаст сæмæ федар ке 'й. Аци фестиваль арæзт ке 'рцудæй, уой тухæй ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма ауæхæн мадзæлттæ хъæбæр ахедгæ агъазгæнæг æнцæ нæ ирæзгæ фæлтæрти патриотон гъомбæлади гъуддаг æнтæстгинæй æнхæст кæнунæн. Æма бæрæгбон исаразгутæн, æ архайгутæн, еугуремæн дæр хъæбæр устур арфитæ кæнæн.

*БИЧИЛТИ Алетæ.*  
*Къарæ исиста*  
*Татьянæ ШЕХОДАНОВА.*

**Цитгин къниаз Уæрæсей номдзуд паддзахадон архайæг Александр Невскийи (1220-1263) номерæн бон бæрæггонд цæудзæнæй 6 декабри.**

***КЪИБИРТИ Амурхан, Уæрæсей финсгути Цæдеси иуонг: «Миндзайти Валентинæ æй лæмбунæг сагъæсгæнæг поэт. Ковæндонæмæ цæуæгау æрбацудæй поэзий æвæрæг дуйнемæ. Фæлдесуй сугъдæг зæрдæ æма кæдзос къохтæй. Æй æхецæй карз домæг. Æ алли дзурд дæр тæразæбæл баруй. Е 'мдзæвгитæ хецæн киунугæй раудзунмæ æрæгиау ке исразæнгард æй, е дæр хумæтæги нæ 'й.***



МИНДЗАЙТИ Валентинæ (астæуæй) æ киунугæкæсгути хæццæ.

# ФИЦЦАГ АУÆДЗÆ — ХОНХ ÆЙ!..

Алли киунуги рацуд дæр æ хæццæ æрхæссуй æхцæуæндзийнадæ. Алли киунугæ дæр банимайун æнгъезуй дуйней сосæгдзийнæдтæ нæуæг байгонгондбæл. Уæлдай ахсгиаг æма æхцæуæн ба фæуууй, киунугæн æ нифинсæги æма æ кæсæги гъудитæ ку байеу унцæ, адæймаг си æхецæн ести нæуæгдзийнæдтæ ку иссеруй, уæд еци гъуддаг. Финсæгæн ба адæймаги зæрди тæгтæ базмæлун кæнун, уордæмæ над иссерунæй устурдæр æнтæстдзийнадæ ци гъæуама исуа?

Ærгом ку зæгъæн, уæд фæстаг дæсгай æнзти, æнæуод æма фæлвунх гъудитæй фæлгонцгонд уогæй, ци киунугутæ рацæуй мухури, уонæй адæм уотæ бафæлладæнцæ æма сæ æррæстæ кæсунмæ нæ, фал къохмæ райсунмæ дæр зийнадæ кæнун райдæдтонцæ.

Нæ удвæри алæмæтдзийнадæн нури доги, нури æзнæт рæстæгути берæ цидæр зæранхæссæг фæззиндтитæ исберæ 'нцæ. Зæгъæн, адæймаги зæрдæ фæцæйтонуй мæнæ ауæхæн æсхъæл зæгъдтитæ фегъосгæй: «Æма ма киунугæ ба ка кæсуй, ке ма гъæуй дæ финст. Интернети алци иссерæн дæр ес!..» Уæдта ма еума æдзæллаг фæззинд дæр нæ адæми монон културæ. Æцæг исфæлдистади æ къæхти буни нинсанста уæхæн фæззинд дæр: айдагъдæр дæмæ æхца уæд æма дæ бон æй цийфæнди сæнттæ рауадзун дæр. Табуафси! Сæ дуæрттæ дин урух игон дæсгай рауагъдæнттæн.

Дæ алли æдули, æнæрагъудигонд сæлхæр æрмæг дæр дин раскъæрдзæнæнцæ сугъзæрийнæй фæлуст цъари медæгæ. Айдагъдæр син федгæ бакæнæ… Гъе, нæ културæ исæфт дæр уой медæги æй. Нæбал нæмæ ес мухурмæ цæстдард, рецензенттæ. Цубур дзурдæй, ручкæбæл хуæцун ка зонуй, уæдта ка нæ зонуй, етæ еугурæй дæр финсгутæ иссæнцæ. Айдагъдæр де 'нгулдзæй байамонæ æма амæй-а хуæздæр, фæлтæрдгундæр редакторæ, корректортæ дæ бæрни. Дæ къох дони дæр нæ батолдзæнæ, уотемæй дæ гъуддаг конд уодзæнæй.

Æма уæхæн уæлæнгай финст киунугути 'хсæн æстæн хатт адæймагбæл арæхстгин къохтæй æма поэтикон зæрдæй финст рæнгъитæбæл исæмбæлгæй, æцæгæй дæр хор ракæсуй. Цæрун имæ 'рцæуй, цидæр нифси цъита имæ фæззиннуй æ медуоди.




Хуæрзæрæги Дзæуæгигъæуи сæйраг кæсæндони Æрхонкæмæ фæззелæни ци хайадæ ес, уой зали адæмæй къох бакæнæн нæбал адтæй. Поэзи уарзгутæ ардæмæ æрæмбурд æнцæ поэтессæ **Миндзайти Валентинæ** син сæ размæ ци 'мдзæвгитæ æма этюдти æмбурдгонд рахаста тæрхонмæ, уобæл æмхузонæй бацийнæ кæнунмæ.

Киунугæ автор исхудта «Фæлварæнтæ». Æ фиццаг хаймæ ин Валентинæ бахаста дигорон æвзагбæл ке нифинста, еци æмдзæвгитæ, философон гъудитæ, зарти тексттæ. Дуккаг хай ба арæзт æй уруссаг æвзагбæл финст æмдзæвгитæй.

Дигорон-ирон интеллигенций минæвæрттæ цæстуарзонæй, æргомæй загътонцæ сæ гъудитæ еци киунуги фæдбæл. Валентини æмдзæвгитæ, прозаикон уадзимистæ ма амæй размæ мухургонд цудæнцæ журнал «Ирæф»-и фæрстæбæл, фал ин хецæн киунугæй ба рацудæнцæ фиццаг хатт.

Литературон изæр байгон кодта кæсæндони ирон литератури хайади сæргълæуæг, Цæгат Иристони културæ æскъуæлхт косæг **Дзугати-Муразти Чермени кизгæ Риммæ**. Риммæ сæдæгай изæртæ исараста аййевади, литератури архайгути исфæлдистади хæццæ баст ка фæуууй, уæхæнттæ æма сæ еу иннемæй рауайуй цæмæдесагдæр. Уотæ бабæй рауадæй аци хатт дæр.

Муразон Риммæ лæмбунæг æрдзурдта киунуги медесбæл, автори поэзий сосæгдзийнæдти туххæй. Уой фæсте ба дзурди барæ равардта изæри архайгутæн.

Валентини исфæлдистадæбæл лæмбунæг æрлæудтæй поэт **Къибирти Амурхан**. Амурхан нифинста раздзубанди киунугæн дæр.

– Валентини æмдзæвгитæ фиццаг бакастæй зинлæдæрæн фæккæсунцæ кæсæгмæ, фал сæ лæмбунæгдæр ку бакæсай, уæдта син сæ арф гъудитæ хуæрзæнцонтæй равзардзæнæ, – бафеппайдта Къибири-фурт. Уогæ еци фембæлд фиццаг нæ адтæй Валентинæн кæсгути хæццæ. Цалдæр анзей размæ дæр ма ин аци кæсæндони арæзт æрцудæй исфæлдистадон изæр. Еци мадзал ист æрцудæй æ рæстæги пленкæмæ æма си зали экранбæл скъуддзæгтæ равдистонцæ. Адæм хъæбæр нирхæндæг æнцæ, нуртæккæ не 'хсæн ка нæбал æй, еци финсгутæ Соттити Риммæ æма Догъузти Тенгизи радзубандитæмæ игъосгæй.

Валентинæ, дигорон финсгути еугонди сæрдар уогæй ма, æй кæсæндони рази ци литературон исфæлдистадон къуар ес «Сауæдонæ», зæгъгæ, уой иуонг дæр. Уони номæй ин арфæ ракодта **Дзицойти Жаннæ**, æригон фæндургæнæгдæр **Гурцъити Маринæ** ба зали бадгути зæрдитæ барохс кодта ирон цагъдæй. Зали игъустæнцæ, Миндзайти Валя кинонивæн ци зари дзурдтæ нифинста, е, уæдта æхе мелодитæбæл конд зартæ. Е ба дзорæг æй, Валентини исфæлдистадæ берæвæрсуг ке 'й, уобæл.

– Неке фæнзуй Валентинæ. Æ зæрдæ имæ куд дзоруй, уотæ еу цудæй цæуй æхе равзурст поэтикон надбæл, – адтæй сæ еумæйаг гъуди æмбурди архайгутæн. Зали бадгути æ циргъзунд дзубандитæй хъæбæр байгъæлдзæг кодта Уæрæсей æскъуæлхт артист **Сæбанти Тамерлан**, уæдта бакастæй Валентини æмдзæвгæ. Поэт **Гегкити Сослан** бакастæй, и фембæлдмæ ци æмдзæвгæ нифинста Валентинæн, уой.

Нæ республики финсгути Цæдеси сæрдар **Хозити Барис** еци изæр исхудта æцæг поэзий бæрæгбон. Зæрдæмæдзæугæ гъæлæси уагæй бакастæй Миндзаони æмдзæвгæ нæ республики æскъуæлхт артисткæ **Цæрикъати Риммæ** дæр.

Валентинæн ма зæрдæй арфитæ ракодтонцæ **Дзекъойти Юрий** æма филологон наукити доктор, профессор **Тахъазти Федар**.

Уой фæсте адæмæн Миндзайти ахили номæй райарфæ кодта юридикон наукити кандидат **Миндзайти Марат**.

Кæронбæттæни ба Валентинæ бакастæй æхе финст цубур æмдзæвгæ æма Багъæрати Созури æмдзæвгитæй еу.

Æмбурд фæцæй, фал ма уæддæр дзæвгарæ рæстæг адæм нæма рахæлеу æнцæ, уой бæрцæбæл бахаудтæнцæ Валентини исфæлдистади уацари. Поэтикон нивæй ба Валя хайгин ке 'й, уобæл махæй дузæрдуг неке кæнуй.

Фиццаг къахдзæф ракодта Миндзаон поэзий зиндзæуæн нæдтæбæл… Исфæлдистади хумгонди æ фиццаг ауæдзæ радардта æ поэтикон готонæй. Фиццаг ауæдзæ ба алкæддæр хонх адтæй æма поэзий хонхи цъоппæй куд ракæса, еци амондæй хайгин уæд!

Нур ба уæ зонгæ кæнæн Миндзайти Валентини киунугæй ист æмдзæвгити хæццæ.

***КОЛИТИ Витали***

## БАЦЕУ

Фæууй кæддæр хъæдавæхуз,
Кæддæр – устур исрæмугъдау,
Кæддæр – стъалутæ кæлæгау,
Фалæ алкæддæр – лæфийнау.

Лæмирд кæддæр, æнæбæрæг,
Кенæ – цæугæдонау цæрдæг.
Еуæй-еу хатт фæууй æрдæг,
Фалæ алкæддæр – лæфийнау.

Арми лæуданæ дарæгау.
Базуг-базур 'сæвзæрунау.
Кæддæр – лæмзæ бавзарæгау,
Фалæ алкæддæр – лæфийнау.

Исрæмугъд, цилле, стъалутæ,
Лæмзæ, лæуданæ, базуртæ,
Никки – Сослани æндурæ,
Фалæ алкæддæр – лæфийнау.

Бацеу-бацеу, ци æй æ ном?
Кæсæгæн æхе бафæрсон?
Аци дуйнейæн æй цæхæр.
Заринæ ма йбæл берæ дæр...

* * *

Урух фæндаг агурдтон
Цæрæнбонти…
Нарæг къахвæд иссирдтон
Æнæнгъæлти…

Ка 'й зонуй, кæми 'й
Æцæгдзийнадæ?..
Ка 'й зонуй, –
Мæ медбунати…

* * *

Уарзондзийнади уади –
Уедæгтæ, дортæ –
Куройни фæлдист.

Уарзондзийнади зарди
Нæййес дин бунат,
Зæрди рист.

Уарзондзийнади кадæнгæ
Сауæнг' стъалутæмæ
Игъусуй.

***Цалинмæ æ финст бунтон æнæзæрдæхсайгæ искæна, цалинмæ ин «æ дзиндзæ 'рдо» нæ исзиннун кæна, уæдмæ 'й рæнгъæмæ нæ рахæссуй. Миндзайти Валентинæ æй хецæнхуз поэт. Финсуни гъуддаги неке фæнзуй. Дзурдбæл хъадама не 'вæруй. Сæйрагдæр ин фæууй уадзимиси уæзгæ гъуди байвæрун. Е 'мдзæвгитæ 'нцæ берæвæрсуг – оригиналон, цардгъон, философон...»***

Уарзондзийнади форди
Тайуй æнккæтей
Цæстисуг.

Заууат 'ма æдзард зæрдæ,
Æнæмæнгæ, батавуй хор.
Кæддæр 'ма куддæртæй
Забад кæнун базонуй дор.

Уарзондзийнади цæхæрæй –
Æстъалд
Адзали бундор.

Мæ уарзондзийнади мон мин
Æносмæ
Æндавуй хор…

## ЕУНÆГ ДЗУРД

Неци адтæй фиццаг…
Ревæд 'ма æдзæллаг
Дун-Дуйне… Тар дуйне…

Æнæнгъæлти – æвваст –
Еунæг дзурдæй фæлдист –
Рантæстæй хорискаст.

Еунæг дзурд –
Æнæсум, æнæмур,
Æрвон зари зæлау.

Еунæг дзурд – лæфийнау
Ходæзмол' æрбакаст –
Цæстингасæй фæлдист…

Еунæг дзурд
Исфæлдиста дуйне –
Æндæр – хор-дуйне:

Ниввардта рохс бундор,
Бакайдта фудæбон,
Баинста зæронд бон.

Неци адтæй фиццаг…
Нæуæг Æрфæни Фæд
Февзурдæй еу дзурдæй…

Еунæг дзурд æй фæндаг…
Баитауæ муггаг…
Неци адтæй фиццаг…

## НИМÆДЗÆ...

Ес зæлтæ, уæдта муртæ,
Мæрдти – салин дзабуртæ...
Ес кæмттæ 'ма æврæгътæ,
Æфцæгтæ 'ма æндæртæ...

Ци ба нæййес дуйнейи,
Дун-дуйнейи медæгæ!..
Арæнти фæсте – бацеу…
Алцæй райдайæн – ноль… еу…

Фибоначчийи рæнгъæ…
Идарддæр – дууæ… æртæ…
Фондз… 'ма аст… 'ма æртиндæс…
Фæццæйфиевунцæ æнгæс!..

Дууин еу… Æртин цуппар…
Фæндзай фондз…
Дæс?! Кенæ ба
Идарддæр – æстай фараст…
Асийнæбæл – фæндараст!..

Сæдæ 'ма цуппор цуппар…
Уогæ… хуарз… фалæ æндæр,
Æндæр – мæхе – нимæдзæ…
Æй куддæр кæдзæ-мæдзæ?

Æви æй бустæги раст?
Нимæдзæ – æнгон æлваст
Æгæрон рæнгъи: ноль – еу,
Сæ медæгæ ба – бацеу…

## БÆЛЦЦОН

Цæуй фæндагбæл,
Куд зонуй.
Цæуй фæндагбæл…
Нæййес аййепп
Цæуæги надбæл,
Нæййес аййепп…

Зинæй, æнцонæй,
Над хæссуй,
Зинæй, æнцонæй –
Фæлварæнтæй
Фæлтæрд æдзох
Бæлццон фæндагбæл…

Æцæгагор
Куд уа бунат
Тæрхони уагæн?..
Еу уод куд уа
Тæрхон иннемæн?
Еу уод куд уа…

Евгъуди надбæл
Нæ ердæуй, нæ,
Федæнæн равгæ...
Рæстæг хæссуй
Хъисмæти 'ййивд…
Рæстæг цæуй…

## ФУН

Фун уидтон… Тар гъæди астæу
Агурдтон фæндаг...
Зæрдæхсай, катай агайдтон,
Нæ ирдтон фадуат…

Уорс æфсоргъ, уæд, æвеппайди,
Базургин, сиахъ,
Мæн фелваста æ уæлбазур,
Равзурстæн уæларв.

Æз тахтæн, базурбæл бадгæ,
Æз кодтон, нидæн, мæ зар.
Ирадæй мæ зæрдæ, кафта,
Ервæзт одау, е, рæдауæй.

Фун – евгъуд, фалæ байзадæй
Дуар игон фунæн.
Зар цæуй, æма фæйлауй
Арви æ уолæн.

Аргъау æма асæги тунтæ
Исеу æнцæ уæвди.

Тæмæссаг-дессаг уæдæй фæстæмæ
Æрцардæй зæрди...

## БАЦЕУ

Фæууй кæддæр хъæдавæхуз,
Кæддæр – устур исрæмугъдау,
Кæддæр – стъалутæ кæлæгау,
Фалæ алкæддæр – лæфийнау.

Лæмирд кæддæр, æнæбæрæг,
Кенæ – цæугæдонау цæрдæг.
Еуæй-еу хатт фæууй æрдæг,
Фалæ алкæддæр – лæфийнау.

Арми лæудæнæ дарæгау.
Базуг-базур 'сæвзæрунау.
Кæддæр – лæмзæ бавзарæгау,
Фалæ алкæддæр – лæфийнау.

Исрæмугъд, цилле, стъалутæ,
Лæмзæ, лæуданæ, базуртæ,
Никки – Сослани æндурæ,
Фалæ алкæддæр – лæфийнау.

Бацеу-бацеу, ци æй æ ном?
Кæсæгæн æхе бафæрсон?
Аци дуйнейæн æй цæхæр.
Заринæ ма йбæл берæ дæр…

* * *

– Ци 'й мæ барæ, фæндон?..
Ци ба æй ахæстдонæ?..
– Гъулæггæгтæ – зиндони нисан…
Рæсог цæстингас – бари бæрæггæнæн…

* * *

Ме 'ригон лæдæрæн
Нур агоруй æхе
Нæуæг рæстæги кеми.

Ци зудтон – нæ зонун,
Ци 'йгъосун – нæ тавуй,
Ци фæдтæн – не 'нкъарун…

Фал агорун
Мæхе...
Мæ дуйней…

* * *

Дæ уарзондзийнадæ –
æнæкæрон,
Æнæкæрон –
дæ зæрди уагæ.
Дæ зæрди уагæ –
æнæронбаст.
Æнæдехгæнгæ –
де 'сфæлдистадæ,
Де 'сфæлдистадæ –
æнæ араентæ.
Дæ царди нисан –
дæ уарзондзийнадæ.

## ДÆГЪÆЛ

Рагæй-æрæгæмæ
Цудтæн, цид, балци,
Раунæ дзæгъæл...
Рагæй-æрæгæмæ
Агурдтон алци
Зонунмæ дæгъæл.

Раги?.. Æрæгиау?.. –
Иссирдтон еу дзуапп… –

Къума адтæй ехæй –
Хормæ ниттадæй…
Фалæ фæсдуар –
фарста,
Æндеун ба –
хуасæ.

* * *

'Синкъустæй мæбæл мæ зæрдæ,
Нирризтæй мæ медæг уадæ –
Райгъал æй мæ хъалдзийнадæ…
Зæрдæ рæдзагъд фестадæй.

Ристæн кæрон нæбал адтæй…
Хумæтæг мадзал 'ссирдтон…

А царди нæййес кæрон
Фæлварæнти æздухст радæн,
Цалинмæ 'срæвæд уон монцтæй,
Цалинмæ 'ссæребар уон…

## ЦИ ÆМА КА?

Евгъуйгæ дуйней
Æрхæндæг,
Æма мæнгæ дуйней
Æнкъард…
Еуетæ –
Цурд-цурдæй –
Размæ,
Кадæр ба –
Фæллад…

Сундæггай,
Æ цардæй инод,
Цæф маргъау,
Фæттахтæй
Еу уод.

Æрвтæ – базуртæн.
Фадæн ба – зæнхæ.
Мæ гъудийæн – арт.
Цæстисуг – цæугæдон –
Фæххæссуй азар.

Æнкъардæй…
Æрхæндæг…
И цардæй инод,
Фæттахтæй
Бабæй
Уод.

...Æриздахтæй.
Рафæлгæстæй.
Раулæфт –
Гъæр
Æ инæфт:
«Кæми дæн?!
Фуни?! Æви?!
Нæуæгæй?!
Куд, нæуæгæй?!»

## ЗАДÆЛЕСКИ НАНАЙ ЗАР

«Мæ тухст æй æнæкæрон,
Уох, æна, нур ци кæнон!
Зæрди рист – æнккæтеуон,
Уо, ме Скæнæг, ци фæууон!

Адтæй рæстæг, 'ригон хъисмæт
Æнгъалдтон æндæр хузи.
Адтæй рæстæг, царди нисан
Уидтон æрмæст мæ фунти…
Адтæй рæстæг…
Кæддæр… раги…

Бæллах! Знаг æрбабурстæй,
Уо, ме Скæнæг, ци фæууон! -
Дæ барæй, æви дæ фæндæй?
Уох, æна, куд нæ 'й мæ бон.

Куд исесон и уæззау уаргъ
Ме 'нæнифсхаст усхъæмæ!
Ку не 'суа мæ бон, ку не 'суа!
Уох, дзиназун уæлæмæ!
Куд исесон…
Куд уæззау æй!..

Нæййес рæстæг, нæййес равгæ, –
Дзебæл нæ 'ма дузæрдуг.
Хъисмæтæй загъд царди нисан –
Куд си агорон рæдуд?»

(идарддæр заруй хор)
Уох, Нана, Нана, дæ уодæй
Баергъæв кодтай дуйне.
Дæ медæг дуйне 'сеу кодтай.
Дæ дуйне ба – æнккæте.
Ергъæв кодтай…
Дун-дуйне…



*Авраам ЛИНКОЛЬН (1809-1865), Америки Еугонд Штатти 16-аг президент: «Фус æма берæгъ фæйнæхузи лæдæрунцæ дзурд «сæребарæ», гъе уой медæгæ 'й, адæймагон æхсæнади медæгæ ци таурузтæ паддзахеуæг кæнунцæ, уони медес...» Æма еци таурузтæ фулдæр хæттити аци паддзахадæ æ фудæзгелæнтæй нæ ракъахуй?..*

**НÆ ФИДИБÆСТИ АНЗФИНСТИ СОСÆГТАГ ЦИ НÆЙ, УОЙ ГЪÆУАМА СОСÆГ МА КÆНÆН!..**

**Æртиккаг дуйнеуон тугъд минкъийтæбæл æма нæ райдæдта финддæс æма æртинсæй анзей размæ. Уой дæр Америки Еугонд Штатти (АЕШ-и) хилкъахæн миути фудæй.**



# ФУДГÆНÆГÆН – ХАТИР, ХЕУÆНТТИ БА – ИРОНХ?..

Цæветтонгæ, 1950 анзи 25 июни Корейи адæмон æфсади хæйттæ бахизтæнцæ Хонсар Корейæмæ. Æма аци паддзахади фарс фæцæнцæ АЕШ, июли тæккæ райдайæни фестæгæфсæддон къуар æрбунæттон кодтонцæ Пусани – Хонсар Корейæн æ сæйраг сахар Сеули фæсте дуккаг устурдæр сахари, уæдта ма агъазиау денгизон порти рæбун. Советон Цæдес дæр еуварс нæ байзадæй, сосæггай Цæгаттаг Корейæн фервиста техникæ æма тохæнгæрзтæ. Еугур еци хабæрттæ нæуæг дуйнеуон тугъдмæ ку расайуонцæ, уомæй хъæбæр тæссаг адтæй…

Раст еци рæстæги æрцудæй, арт никки хъæбæрдæр æндзарунi хузæн ка рауадайдæ, еци цау. Уæди рæстæги сахар Владивостокæй дæс æма авдинсæй километри еуварсдæр, Сухая речка, зæгъгæ, рауæни ци советон æфсæддон аэродром адтæй, уой сæрмæ 1950 анзи 8 октябри æнæнгъæлти фæззиндтæнцæ америкаг дæрæнгæнæг хуæдтæхгутæ «Локхид», сæ пулеметтæ æма дзармадзантæй дорадзагъд исаразтонцæ, уоми еци рæстæг Советон Цæдесæн ци хуæдтæхгутæ адтæй, уонæбæл. Сæ мæнгард миуæ куддæр бакодтонцæ, уотæ фæстæмæ фæддунд æнцæ.

## ФÆРРÆДУДÆНЦÆ? ЗОНГÆ-ЗОНГÆЙ ÆВИ?..

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма еци рæстæг аэродроми адтæнцæ, Устур Фидибæстон тугъди рæстæги, АЕШ Советон Цæдесмæ ци хуæдтæхгутæ («Аэрокобра») æрвистонцæ, уонæн сæ кæцидæр хай. Гъуддаг уой медæгæ адтæй, æма, дууæ Корейей медастæу тугъдон нихмæлæуд æгæр ке искарз æй, уомæ гæсгæ советон Тугъдон-Уæлдæфон Тухти разамундæн лæвæрд æрцудæй бардзурд – нæ дæрæнгæнæг хуæдтæхгутæ æрбунæттон кæнун корейаг арæнтæмæ хæстæгдæр. Æма еци бардзурд æнхæст кæнгæй уордæмæ барвистонцæ, уæд сæ къохи ка фæцæй, еци хуæдтæхгутæ – зæронд хæрнæгъ «Аэрокобрита». Æма америкаг æрбалæборгутæ сæ «дорадзагъд» уонæбæл исаразтонцæ.

Ку зæгъæн, дууæ Корейей медастæу тугъдон нихмæлæуддзийнадæ ке фæккарздæр æй, уомæ гæсгæ Приморски æфсæддон зилди командæкæнуйнадæ унаффæ рахаста 821-аг кунæггæнæг авиацион полк корейаг арæнтæмæ хæстæгдæр æрбунæттони туххæй. Еци æфсæддон хай нимад адтæй тæккæ тохунгъондæртæй еуебæл, кæд си фулдæр хуæдтæхгутæ зæрæндтæбæл нимад адтæнцæ, Фидибæстон тугъди рæстæг ленд-лизмæ гæсгæ нæмæ æрвист ци Р-63 «Аэрокобрита» æрцудæй, уæхæнттæ, уæддæр.

Полккæн æ нæуæг рауæни рæстæгмæ дехгонд æрцудæй будуйрон аэродром Приморьей Хасановски райони гъæу Сухая речки рази. Ардигæй корейаг арæнтæмæ æдеугурæй адтæй сæдæ километри. 1950 анзи 8 октябри изæригон, фæндзæймаг сахат цудæй, уотемæй ба еци гъæуи сæрмæ æнæнгъæлти фæззиндтæнцæ дууæ реактивон хуæдтæхæги æма сæ пулеметтæй æма дзармадзантæй фатадзагъд исаразтонцæ нæ хуæдтæхгутæбæл.

ССР Цæдеси фæсарæйнаг гъуддæгути Министри хуæдæййевæг А.А. Громыко еци фæдбæл æхемæ байагурдта АЕШ-и минæвайради унаффæгæнæги æма ин æ къохи басагъта тингуни сæрмагонд нотæ. Дæс боней фæсте Мæскуй дзуапп райстонцæ АЕШ-и хецауадæй. Уоми æргомæй басастæнцæ сæ фудракæндæбæл æма хатиртæ курдтонцæ. Уогæ, уæхæн æверхъау цау ке 'рцудæй, уой фæдбæл рæуæнттæ кодтонцæ, гъома, е фудзæрдæй арæзт не 'рцудæй, фал тæхгутæ ке фæрредудæнцæ, раст нæ банимадтонцæ сæ тæхæн над æма уомæ гæсгæ уотæ рауадæй. Тæхгутæ æнæмæнгæ, æфхуæрд ке 'рцæудзæнæнцæ, уобæл нæ æууæндун кодтонцæ. Дууæ паддзахадей 'хсæн буцæу уоййадæбæл кæд лухгонд æрцудæй, æ кой дæр ин уой фæсте кæд некебал искодта, уæддæр æй æримисун ба æнæмæнгæ гъæуй. Уомæн æма е уотид рæдуд ке нæ адтæй, фал зонгæ-зонгæй арæзт фудракæндæ, уомæн разиндтæй берæ æвдесæнтæ, уæлдайдæр ба, комкоммæ ке къохтæй арæзт æрцудæй, уони имисуйнæгтæ.

## ÆРБАЛÆБОРГУТÆН СÆ ХЕСТАУÆН ДЗУБАНДИТÆ – СÆ МÆНГАРДДЗИЙНАДÆ ÆРГОМГÆНÆГ

Еци æрбалæборгутæй еу, тæхæг Олтон Квонбек 1990 анзи америкаг газет «Вашингтон пост»-и ниммухур кодта æрмæг уæхæн сæргонди хæццæ: «Мæ цубур тугъд Советти хæццæ». Æма си уотæ финста: «Мегъти сæрти тахтан æнцад-æнцадæй, уæдта мæ 'рфæндадтæй, ци нисанмæ тахтан, уордæмæ бахъæртуни рæстæгæй дæс минутти раздæр нилласæргæнгæ мæхе æресун. Цæугæдони билгæрæнттæбæл идарддæр тæхгæй, мæ хуæдтæхæг разилдтон хонсар-нигулæн æрдæмæ, гъæвтон мæхе Китай æма ССР Цæдеси арæнтæй еуварсдæр райсунмæ. Еу-инсæй



Аци циртдзæвæн æвæрд æй, америкаг хуæдтæхгути æрбалæбурди рæстæг советон тæхгутæй ка фæммард æй, уонæн.

секундей фæсте ба дæлиау зæнхæбæл æрæстæфтæн еу уæзæгтæласæг хуæдтолгæ.

«Цæвæн æй!..» – загъта Дифендорф. Еу минутти фæсте ба фæгъгъæр кодта: «Дæлæ хуæдтæхгутæй идзаг аэродром уинис? Е разиндтæй, еугур тæхгутæ дæр ниддæрæн кæнунмæ кæмæ фæббæллунцæ, уæхæн нисан…»

Æ уæди миуæй фæстæдæр уотид рæдуд ке исхондзæнæнцæ, Квонбек æхе уæхæн хумæтæг хузи рæститæ кодта: «Нæ нисанмæ тахтан æнæ радиомаяктæй, уомæ гæсгæ ба нæмæ уотæ фæккастæй, цума, корейаг аэродром Чхонджини сæрмæ бафтудан…» Фал гъуддаги ес уæхæн листæг фарстатæ, æнæрæстæфæн ке нæййес. Квонбек куд финсуй, уотемæй хъæбæр хуарз уидта, аэродроми ци хуæдтæхгутæ бадтæй, уони базуртæбæл сурх стъалутæ ке адтæй, уой: Цæгаттаг Корейи хуæдтæхгутæбæл ба адтæй сурх стъалу уорс тумбулæги хурфи. Никки ба ма «Аэрокобрита» Корейаг Гæрзефтонг Тухтæмæ уомæй размæ уогæ дæр некæд адтæй, махмæ, Советон Æфсадмæ ба ахид адтæнцæ.

Зин бауæндæн æй, фæлтæрдгун тæхæг, хуæдтæхгути базуртæбæл ци хецæнгæнæг нисантæ ес, уони кæрæдземæй æртасун ма зона, уобæл. Уæдта Римский-Корсакови номбæл архипелаг ма æрæстæфæ æма уомæ гæсгæ ба, кæми дæ, уой ма балæдæрæ, е дæр дузæрдуггаг рæуонæ адтæй.

Уогæ уонæбæл ци дзорæн, кæд æма Квонбек, æ имисуйнæгти куд ниффинста, уомæ гæсгæ, æгириддæр нæ фæсмон кодта, уæхæн фудракæндæ ке исаразта, уобæл. Е нæ, фал æсхъæлæй финста: «Еци цау барæй-æнæбари дæр советон разамонгути бауæндун кодта, цæйбæрцæбæл æнцон бафхуæрæн æй сæ бæстæ, уæдта АЕШ-и нуриккон æма фæлтæрдгин Тугъдон-Уæлдæфон Тухти нихмæ æрлæууунгъон ке нæ 'нцæ, уобæл. Сталин исфæндæ кодта Цæгат Корейæй се 'фсæдтæ ракæнун æма ин идарддæр мацæмæй агъаз кæнун…»

Квонбек ма æхе уомæй дæр æстудта, æма АЕШ-и разамунд зæрдæ кæд байвардта еци фудракæндæ исаразгути бафхуæрунæй, уæддæр, дан, сæ фудракæнди фæдбæл æррæстæ æфхуæрд дæр ке нæ баййафтонцæ, æфсæддон тæрхондонæ сæ ке нæ бафхуардта, уомæй дæр.

Квонбеки дзубандитæ сæргойи сæнттау æнцæ. Æцæгдзийнадæй ба октябри кæрони Сталин унаффæ рахаста Корейæмæ советон тæхгутæ рарветуни туххæй. Етæ тугъдон цаути архайдтонцæ, цума Цæгаттаг Корейи тæхгутæ адтæнцæ, уой хузи æма мин америкаг хуæдтæхæгемæй фулдæр æргæлстонцæ махонтæ еци тугъди.

## ÆМБЕСОНД «ТУГЪД ТУГЪД ÆЙ, РÆФТАД БА Æ АФОНИ!..» СÆБÆЛ РАЦУДÆЙ ГАДЗИРАХАТТÆЙ ?..

Аци хабæрттæмæ гæсгæ куд нæ фæззиндзæнæй уæхæн фарста дæр: «Уотæ цæмæн рауадæй, æма америкаг хуæдтæхгутæн бантæстæй нæ бæсти медæгмæ уойбæрцæбæл арф æрбахезунмæ, æстæфæг æма син нихкъуæрддзæттæг цæмæннæ разиндтæй? Уæдта ци фудмиутæ исаразтонцæ, уой тухххæй сæ 'фхуæрæг цæмæннæ фæцæй?..» Аци æма ма æндæр фарстатæн дзуапп раттæн ес. Фал цауи тухххæй хабæрттæ хумæтæги сосæггонд не 'рцудæнцæ. Етæ æргомæй ку райгъустæйуонцæ урух дзиллити 'хсæн, уæд рабæрæг адтайдæ, нæ бæсти æдасдзийнадæбæл дзуапдæттæг ка адтæй, уони æнæбондзийнадæ. Нæ бæсти уæлдæфон арæнтæ гъæуайгæнæн системитæ нæ рартастонцæ, нæ арæнти сæрти æрбахезгæй сæдæ километрей уæнгæ ци хуæдтæхæг æрбайервазтæй, уой. Æма ин нихкъуæрд раттунгæн нæ бацæнцæ, кæд алли фæззиндмæ æма алли уæхæн фудракæнди нихмæ дæр гъæуама цæттæ адтайуонцæ, – цийфæнди кæд адтæй, уæддæр нæ арæнти рæбунти тугъд цудæй, уæдта ма уой агъоммæ америкæгтæ равдистонцæ, ци гъон æнцæ, уой. Етæ уой размæ наулæууæн Дальныймæ хæстæг æргæлстонцæ советон хуæдтæхæг– æсгарæг. Уомæ гæсгæ ба махонтæ гъæуама адтайуонцæ æртæ хатти къæрцгъосдæр!..

Æвæдзи, искуста уруссаг æмбесонд: «Тугъд тугъд æй, рæфтад ба æ афонæмæ гæсгæ!..» Аци æмбесонди хузæн рауадæй уæд. Сухой речки рази æфсæддон хæйттæй еуеми еци цаутæй фæстæдæр службæ кодта финсæг Станислав Сахончик. Æма е дæнцæн æрхаста, еци æрбампурстæн æвдесæн ка адтæй, уæхæн бунæттон цæрæги имисуйнæгтæ: « Хорбон адтæй, никки ба ма хуцаубон, уомæ гæсгæ ба полкки афицертæ тæхгæ нæ кодтонцæ, сæхе райстонцæ æрдзон рауæнтæмæ, кæсалгæ ахæссунмæ. Уæхæн уæлæнгай цæстингæсæй ке кастæнцæ уавæрмæ, е зин балæдæрæн нæй, америкаг хуæдтæхæг ке æрбайервазтæй нæ арæнбæл, е.

Гъулæггагæн, еци уавæри фæдбæл гъæугæ дзуапп неке равардта. Сахончик куд финсуй, уотемæй гъавтонцæ 821-аг кунæггæнæг авиаполкки командир æма æ хуæдæййевæги, уæдта ма полкки штаби сæргълæууæги бафхуæрун, фал уæхæнæй неци 'рцудæй...

Абони дæр бæрæг-бæлвурд нæма 'й, аэродроми уæддæр цал хуæдтæхæги адтæй, уæдта си цал фехалдæй? Уæдта, адæмæй си неке бастъалдæй, зæгъгæ, е цæйбæрцæбæл раст æй.

821-аг кунæггæнæг полкки тæхæг Владимир Забелин фæстæдæр куд финста, уомæ гæсгæ полкки гъæуама адтайдæ дууинсæй хуæдтæхæги. Уонæй инсæй гъигæдард æрцудæнцæ, иннæ бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ ба, дан, си еу иссугъдæй, æхсæз ба гъигæдард æрцудæнцæ. Официалон бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ америкæгтæ айдагъдæр еунæг хатт æрзилдæнцæ аэродроми сæрти, æцæгæй ба æрзилдæнцæ дууæ хатти æма фатадзагъд раугътонцæ рæнгъæ-рæнгъитæй ци хуæдтæхгутæ лæудтæнцæ, уонæбæл.

Цал адæймаги си бастъалдæй, е дæр абони уæнгæ бæлвурдæй æргомгонд нерæнгæ нæма 'рцудæй. Официалон æгъдауæй, дан, си цæфтæ æма мардтæ не 'рцудæй. Уотемæй ба гъæумæ хæстæг ес æнсувæрон цирт. Уоми, дан, æвæрд æнцæ, 1950 анзи еци æрбампурсти ка фæммард æй, еци тæхгутæ. Цума, абони уал анзей фæсте уонæн раргом кæнун афонæ нæма 'й.

Раргом кæнун ба гъæуй æма номхигъдæй байамонун, 1950 анзи 8 октябри æверхъау цауи ка фæммард æй, уони. Етæ фæммард æнцæ Фидибæсти размæ се 'фсæддон ихæстæ æнхæст кæнгæй, Фидибæстæй дæр æма нæ дзиллæй дæр гъæуама сосæггонд ма цæуонцæ, фал гъæуама цитгингонд цæуонцæ сæ рохс нæмттæ.

*Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта КОЛИТИ Витали*

**Номдзуд советон партион паддзахадон архайæг Екатеринæ Алексейи кизгæ Фурцевай райгурдбæл 7 декабри æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1910-1974).**

## ЦÆГАТ ИРИСТОНИ ЦИТГИН ИУАЗГУТÆ



Анатолий ЛУНАЧАРСКИЙ

Дзæуæгигъæуи Анатолий Луначарскийи номхæссæг 5-аг гимназий азгъунст.

# «ХЪÆБÆР СÆРУСТУР УИ АН, НÆ ЗÆРДÆ УÆБÆЛ ДАРÆН!..»



**ЦИБИРТИ Герлик (1940-2025),**
историон наукити кандидат.

***Цæгат Иристон недзамантæй фæстæмæ дæр æхцæуæнæй бабæрæг кæниуонцæ нæ бæсти æма дуйней зундгонд адæймæгутæ. Уонæй еу адтæй Советон Уæрæсей адæмон ахуради фиццаг комиссар Анатолий Василийи фурт Луначарский. Нæ республики дзиллæ рæсугъд æгъдæуттæй куд зæрдиагæй бацийнæ кодтонцæ цитгин иуазæгбæл, уой фæдбæл æй нæ абони дзубанди.***

Уотæ загъта номдзуд революцион æма советон паддзахадон архайæг Анатолий Василийи фурт Луначарский, евгъуд æноси инсæйæймаг æнзти Цæгат Иристонмæ æ кустадон балций рæстæг фæллойнæгæнгути хæццæ фембæлдтити рæстæг. Æцæгæйдæр, хъæбæр æхцæуæн адтæй, нæ республики дзиллæ куд æновудæй хъазауат кæнунцæ нæуæг цардарæзти гъуддæгути. Æма син зæрдæ æвардта, сæ еци архайди син, ци гæнæн æма амал уа, уомæй агъазгонд ке цæудзæнæй.

Ауæхæн хабæртти туххæй нуртæкки рæстæгути, гъулæггагæн, уоййасæбæл койгонд нæбал цæуй. Советон цардарæзти фехæлди фæсте «нæуæг цардиуагæ аразгути» фудзундрахасти фудæй тобæгонд цудæй, еци доги хæццæ цидæриддæр баст адтæй, уонæбæл – хуарз æма си пайдахæссæг ци адтæй, уой не 'взаргæй. Сæ еци сæргъæндзийнади фæдбæл фæсмонтæ бæргæ кæнæн, фал…

Уотæ иронх кæнун байдæдтонцæ, адæми зæрдæхцæуæндæр цардарæзти сæрбæлтау рæстуодæй ка хъиамæт кодта, уони рохс нæмттæ дæр. Е дæр дин еума æведауцæ миуæ. Уомæн æма етæ нæ Фидибæстæн дæр æма фæллойнæгæнæг адæмæн дæр ци æгæрон хуæрзти бацудæнцæ, уомæ гæсгæ си гъæуама æностæмæ, фæлтæрæй-фæлтæрмæ боз æма арфиаг уæн. Уонæй еу – Анатолий Луначарский.

Бæлвурдæй Анатолий Луначарскийи абони уомæ гæсгæ имисæн, æма æрæги 23 ноябри æ райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма авдинсæй анзи (1875-1929).

Советон цардарæзти райдайæни иссæй нæуæг паддзахади нæуæг Уæрæсей хецаудзийнади разамонгутæй еу – 1917 анзæй ба 1929 анзи уæнгæ адтæй УСФСР-и ахуради фиццаг адæмон комиссар. Уæди рæстæги уæлдай хъæбæрдæр архайд цудæй адæмон хæдзарадон райрæзти фарстатæбæл. Æма е лæдæрд адтæй, фал уой хæццæ ба ма лæдæрд адтæй е дæр, æма еци гъуддаги тæккæ устурдæр цæлхдор ке адтæй фæллойнæгæнгути 'хсæн æгæрæй-æгæрдæр æнахургонддзийнадæ.

Уомæ гæсгæ хецауадæ гъæддухæй архайдтонцæ адæми рохсадон-культурон ирæзти гъуддаг тæккæ ахедгæдæр хузи райаразунбæл. Уобæл уæлдай зæрдиагæй куста Луначарский. Е ахид цудæй бæсти алли рауæнтæмæ, цæмæй æхе цæститæй фæууина, партион æма советон разамонгутæ ахурадæ æма культури ирæзти фарстатæ бунæтти куд лух кæнунцæ. Æма 1926 анзи фæззæги А.В. Луначарский æрцудæй Владикавказмæ. Æ цуди сæр адтæй культурон-рохсадон организацити куст лæмбунæгдæр базонун æма исбæлвурд кæнун. Æ зæрди адтæй, Цæгат Кавкази бæстæзонæн институти, индустрион техникуми æма гъæууонхæдзарадон институти кусти хабæрттæмæ бæлвурддæр æркæсун. Æ зæрди адтæй аци уæлдæр ахургæнæндæнтти разамонгутæ æма косгути, уæдта ахурдзаути хæццæ фембæлун.

Уомæй уæлдай æй фæууинун фæндадтæй Владикавкази Трек (нур Хетæгкати Къостай номбæл фæлладуадзæн парк). Уой кой ин ракодта е 'мтохгæнæг номдзуд Феликс Дзержинскийи фурт Ян.

Газет «Власть труда»-й уацхæссæги хæццæ дзубанди кæнгæй, Луначарский сæрмагондæй уой баханхæ кодта, æма Советон хецауадæ хъæбæр лæмбунæгæй æ гъос ке даруй адæми ахуради ирæзти гъуддагмæ. Сæ еци дзубандий рæстæг ма рохсади комиссар зæрдæ байвардта уомæй дæр, æма сахар Владикавкази театри æма клубти æвдист ке цæудзæнæнцæ аййевадон æма идейон æгъдауæй хуæрзгъæдæ кинонивтæ.

Газеткæсгутæн зæрдиагæй саламтæ ратгæй, Луначарский ма загъта: «Фæндуй мæ, цæмæй Владикавказ лæггадæ кæна еугур Кавказæн дæр. Владикавказ культури зингæ центр æй, уомæ гæсгæ ами гъæуама уæлдай æнтæстгинæй архайуонцæ æ алфамбулай хуæнхон адæмти ахуради ирæзтбæл. Еци куст хузæнон æвæрд ку уа, уæд хъæбæр фæййагъаз уодзæнæй сахарæн æхе культури ирæзтæн дæр...»

Æ балций рæстæг, 7 сентябри Луначарский бабæрæг кодта гъæууонхæдзарадон институт. Ами ибæл хъæбæр бацийнæ кодтонцæ студенттæ æма ахургæнгутæ. Сæ кадгин иуазæгæн радзурдтонцæ институти туххæй, фæууинун ин кодтонцæ аудиторитæ æма лабораторитæ, фæлварæн будуртæ æма хумгæндтитæ. Луначарскийи зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй, аци ахургæнæндони ахуради æма наукон гъуддæгутæ куд æвæрд æнцæ, е. Уæлдай фулдæр бацийнæ кодта, ахургæнгутæ æма студенттæ сæхе къохтæй ци прибортæ исаразтонцæ, уонæбæл. Ахургæнгутæ боц иуазæгæн балæвар кодтонцæ нæ национ уадзимистæ. Гъæууонхæдзарадон уæлдæр скъолай косгути фæллæнттæн комиссар искодта устур аргъ, загъта, ахурадон æма гъомбæладон кусти уавæр агъаз уодзæнæй хуæнхаг адæмти царди æма зæнхи кусти культурæ дæр хуæздæр кæнунæн.

Луначарскийæн фембæлд адтæй 5-аг скъолай дæр. Сахари ахургæнгути номæй ин зæрдиагæй арфитæ кæнгæй, фусунтæ загътонцæ, устур æхцæуæн син ке æй адæмон ахуради комиссари хæццæ фембæлд. Иуазæг ахургæнгутæй ракурдта устур хатир, аци хатт ин фагæ рæстæг ке нæййес сæ кусти хæццæ кæрæй-кæронмæ лæмбунæгдæр базонгæ унæн. Зæрдæ син байвардта, тагъд рæстæги бабæй ке уодзæнæй Иристони æма уæд искæндзæнæй лæмбунæг доклад адæмон ахуради кусти фарстати фæдбæл.

Аци скъолай уогæй А.В. Луначарский æ радзубандий байамудта, зæгъгæ, парти æма хецауадæ сæ гъос лæмбунæг дарунцæ ахургæнæги кустмæ: «Нуртæккæ бæсти берæ тухстдзийнæдтæ æма нæхъæртондзийнæдтæ ес æма нæма 'й нæ бон ахургæнгути цардиуагæ цæхгæрмæ фæххуæздæр кæнун. Уæддæр гæнæн ес, æма хæстæгдæр рæстæги скъолати косгутæн сæ миздбæл бафтуйдзæнæй. Аци фарстамæ никки лæмбунæгдæр гъосдард цæудзæнæй. Мах сæрустур ан сумахæй æма уæбæл нæ зæрдæ хъæбæр дарæн. Уæ куст агъаззаг æй адæми талингæй рохсмæ ракæнунæн. Уæлдайдæр мæ зæгъун фæндуй уой, æма ами, Кавкази адæмти 'хсæн ахурадæ æма рохсади ирæзт уæлдай ахедгæдæр ке фæууодзæнæй Искæсæни адæми еугур зундирахастбæл. Етæ сæхе цæститæй фæууиндзæнæнцæ Коммунистон партий æма Советон хецауади зæрдиаг архайд фæллойнæгæнæг дзиллити царди уавæртæ фæххуæздæр кæнунбæл…»

Адæмон ахуради комиссар æ дзубанди ку фæцæй, уæд фусунтæ загътонцæ, хъæбæр зæрдиагæй сæ ке фæндуй, цæмæй 5-аг скъола хæсса Луначарскийи ном. Фембæлдмæ 'рцæуæг адæм устур разæнгардæй исæмбалдæнцæ еци фæндонбæл. Æма уæдæй нурмæ скъола (нур хуннуй гимнази) кади хæццæ хæссуй зундгонд революцонер æма советон паддзахади зингæ архайæги ном.

Луначарский ма фембалдæй ирон педагогон техникуми æхсæнади хæццæ дæр. Ами лæмбунæг базонгæ 'й ахури уавæрти хæццæ. Фарста фæсевæди гъомбæлади, сæ социалон уавæрти туххæй, базонгæ 'й æригон рохситаугути фиццаг рауагъди æнтæстдзийнæдти хæццæ. Техникуми ахургæнгутæ кадгин иуазæгæн радзурдтонцæ сæ ахури æма сæ царди уавæрти, ахурдзаути стипенди фагæ ке нæй, уони туххæй.

Адæмон ахуради комиссар æ дзубандий байамудта, зæгъгæ, парти æма хецауадæ сæ гъос лæмбунæг ке дарунцæ Иристони педагогон техникуми кустмæ, уомæн æма ами гъомбæлгонд цæуй адæмон ахургæнæг, рохситауæг. Комиссар зæрдæ байвардта, гæнæн ци уа, уомæй ке агъаз кæндзæнæй техникуми ирæзтæн.

Луначарскийæн бæстæзонæн институти косгути хæццæ (аци институт фæстæдæр æййивд æрцудæй Ростовмæ) ци фембæлд адтæй, уой рæстæги уоми косгутæ кадгин иуазæгæн равдистонцæ берæ экспонаттæ. Уони хæццæ устур уруссаг финсæг М.Ю. Лермонтови къохфинститæ дæр. Анатолий Василийи фурт зæрдиагæй райарфæ кодта институти косгутæн, сæ фæрнæйдзаг фæллойнæй адæмти 'хсæн лимæндзийнади гъуддæгутæ ке парахат кæнунцæ, уой туххæй.

Еци фембæлти фæсте кадгин иуазæг сахари ахуради косгути, мæхъæлон адæми минæвæртти хæццæ рараст æй Балтамæ. Ами 'й базонун фæндадтæй мæхъæлон скъолай ахурдзаути уавæр. Скъолай фадуæттæ банимадта хуарзбæл, æ зæрдæмæ фæццудæнцæ кæдзос æма райдзаст къæлæстæ, хуæрзæфснайд косæн бунæттæ. Е байамудта, зæгъгæ, аци менеугутæн ес устур ахедундзийнадæ национ скъолай архайд æма райрæзти гъуддаги.

Арвикоми хæццæ базонгæ уни фæсте Луначарский бацудæй Владикавкази Трекмæ. Хъæбæр фæццудæй æ зæрдæмæ, дестæ ибæл кæнгæй, загъта: «Дессаги рæсугъд бунат, раст цума аргъауæй ист æй, уотæ. Владикавказ гъæуама сæрустур уа æ Трекæй…» Еци бон А.В. Луначарскийæн облæсти æма сахари разамонгути хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми лæмбунгæй æрдзубанди кодта рæстæги ахсгиаг фарстатæ æма сæ гъæугæ хузи райаразуни равгитæ æма фадуæтти фæдбæл. Æ балций рæстæг рохсади комиссар уруссаг театри бакастæй лекци «Цардиуагæ еумæ райсгæй æма биййонтæ». Уой фæсте æфсæнвæндаги косгути клуби хæццæ фембалдæй сахари фæллойнæгæнгути хæццæ. Уоми искодта доклад Советон Цæдеси дуйнеуон уавæри туххæй.

Дзæуæгигъæуи цæргутæ хъæбæр бауарзтонцæ зундгонд революционери, партий æма советон паддзахади зингæ архайæг А.В. Луначарскийи. Нæ сахармæ е 'рцуд устур агъаз адтæй ахуради æма рохсади ирæзтæн.

**Номдзуд испайнаг паддзахадон архайæг, фашизми нихмæ æнауæрдонæй тохгæнæг Долорес Ибаррурий райгурдбæл 9 декабри æнхæст кæнуй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1895-1989).**

☺ *Яга на шабаш не попала – из ступы леший слил бензин.*

☺ *Мадам, вы в обществе приличном, как вам не стыдно так краснеть?*

☺ *Да я, конечно, не подарок, но и у тебя не юбилей.*

☺ *Вот снова в ухе зазвенело, но я решила не отвечать.*

РÆСТÆГ КУД ЦÆУЙ, УОТЕМÆЙ КАДГИН АДÆЙМАГИ НАМУС ЦИТГИНДÆР КÆНУЙ!..



# АРФИАГ ГЪУДДАГÆЙ ДÆХЕ ИХÆСГИН КУ КÆНАЙ...

Нæ дзиллæн хуарз зундгонд æй, нæ номдзуд ахургонд Абайти Васо (1900-2001) нæ адæми удварнондзийнадæ исбæрзонд кæнуни сæрбæлтау куд æновудæй бахъиамæт кодта, е. Æма си æгæрон арфиаг угæй, махæн ба нæ ихæс æй æ берæ фæллæнттæ ин багъæуай кæнун, нæ исонибони фæлтæрмæ сæ рахъæртун кæнун.

Æма еци гъуддагбæл æвæллайгæй ка архайуй, уонæй еу æй Хонсар Иристони наукон-æртасæн институти ахургонд-секретарь, филологон наукити кандидат, профессор **Битарти Зойæ**, æ рæстæги Абайти Васой студенттæй æма аспиранттæй еу. Еунæг гъе уой зæрди æрæфтудæй, нæ номдзуд ахургонд ССР Цæдеси Наукити Академий æвзагзонунади институти ци лекцитæ кастæй, уони аудиофинст никкæнун. Æ разамундæй æй архайун фæндуй, зæгъæ, ин æригон ахургонд (уæдмæ Зойæ адтæй филологон наукити кандидат) ку иской кодта, уæд ин загъта, иннети æмбæрцæ си ке домдзæнæй, уой.

Битарти Зойæ ци аудиофинститæ фæккодта, уони бабæвдзитæ кæнунбæл архайун райдæдта æ кизги хæццæ, фал, гъулæггагæн, е æгæр раги рахецæн æй æ уæлзæнхон цардæй, æма уæд еци куст рахъæртун кодта филологон наукити кандидат Софья Виноградовай хæццæ, е дæр æ рæстæги адтæй Абайти Васой аспиранткæ. Æма син бантæстæй бацæттæ кæнун æма рауадзун номдзуд ахургонди лекцитæй арæзт киунугæ «Рагонирайнаг æвзæгтæ æма текcтæ 1982-1984 æнзти аудиофинститæмæ гæсгæ» («Древнеиранские языки и тексты по аудиозаписям 1982-1984г.г.»). Æ рауагъд ба баст æй, Абайти Васой райгурдбæл 125 анзи ке исæнхæст æй, уой хæццæ. Киунуги хццæ базонгæ уни равгæ нæ дзиллæн фæцæй, æрæги ин Дзæуæгигъæуи Национ наукон киунугæдони ци презентаци адтæй, уоми. Аци мадзал исаразунбæл зæрдиагæй байархайдтонцæ газет «Северная Осетия»-йи редакци, Цæгат Иристони Абайти Васой номбæл гуманитарон æма социалон æртæстити институт æма Битарти Мургаги Совет. Æмбурд дæсни амудта газет «Северная Осетия»-йи сæйраг редактор **Битарти Маринæ**.

Презентаций архайдтонцæ, нæ республики разамунди, хецаудзийнади алли къабæзти, политикон-æхсæнадон организацити минæвæрттæ, наукон æма исфæлдистадон косгутæ, иуазгутæ Хонсар Иристонæй дæр. Уонæй мадзали рæстæг ка радзубанди кодта, уонæн сæ гъудитæ æмзæлон адтæнцæ еу ахсгиаг хатдзæгæй: Абайти Васой лекцитæ хецæн киунугæй уагъд ке æрцудæнцæ, е ахсгиаг цау æй нæ адæми удварнон цардиуаги.

Нæ республики Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз** æ арфи радзубандий уотæ баханхæ кодта:

– Нæ истори, культурæ, æгъдæуттæ æма традицитæ 'нцæ нæ царди бундор, нæ федар уедæгтæ. Битарти Зойæ ци киунугæ бацæттæ кодта, е цæмæдесаг уодзæнæй алкæмæндæр, уæлдайдæр нæ мадæлон æвзаги ирисхъи сæрбæлтау гъуддæгути архайуни фæндæ кæмæ ес, уонæн.

Республики Хецауади сæрдари хуæдæййевæг **Плати Альбинæ** æ арфити хæццæ Битарти Зойæн равардта Кади гæгъæди республики Сæргълæууæги администраций номæй.

Хонсар Иристони Президенти паддзахадон унаффæгæнæг **Кости Къоста** æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй Абайти Васойæн æ цардвæндаги дæргъвæтиндзийнадæй иссæй дууæ æносей 'хсæн хед, æ куститæ ба иссæнцæ историй нæргæ гъæлæс. Нæуæг киунугæн аргъгæнæг уодзæнæнцæ абони æма исонибони ахургæндти, лингвистти, филологти, нæ маддæлон æвзаг зæрдтагон кæмæн æй, нæ еци дзилли фæлтæртæ.

Цæгат Иристони гуманитарон æма социалон æртæстити институти директор **Хъанухъуати Зæлинæ** дæр киунугæ исаразгутæн зæрдиагæй райарфæ кæнгæй, загъта уой дæр, æма сæ дæнцæ ке æй бафæнзуйнаг, уæлдайдæр ба æригон ахургæндтæн. Хумæтæги нæ батæходуй кодта, нæ маддæлон æвзаг æма литератури фарстатæбæл бундоронæй ка архайа, уæхæн æригон ахургæндтæй нерæнгæ ма хъæбæр кадавар ке ан, уой фæдбæл.

Историк, публицист, политикон архайæг Цибирти Людвиг хæстæг зонгæ адтæй Васой хæццæ. Æма мадзали радзубанди кæнгæй æримиста сæ цæмæдесаг æма æнæферонхгæнгæ фембæлдтити цаутæ æма хабæрттæ.

Презентаций рæстæги ма æвдист æрцудæй документалон кинонивæ Абайти Васой цард æма наукон архайди туххæй. Уой хæццæ ба ма мадзали архайгутæн сæ аййевадæй æхцæуæндзийнадæ æрхастонцæ паддзахадон филармоний зартæгæнгути къуар «Уацамонгæ», **Ходи Олег** ба рацагъта гъесин фæндурæй.

*ГÆТИЙТИ Светланæ*

## РÆСТМÆГЪУДИГÆНÆГ ЗАГЪД – ФЕГЪОСУНИ АККАГ!..



**БИТАРТИ Вячеслав, Цæгат Иристони раздæри Сæргълæууæг**

– Нæ маддæлон æвзаги ирисхъæбæл беретæ айдагъдæр утид дзубандитæй тухсунцæ. Фал ес æцæгæй æ зæрдæ кæмæн тухсуй æ абони æма æ исонибони уавæрбæл, комкоммæ ахедгæ гъуддæгутæй ка архайуй æ сæрбæлтау, уæхæн рæстзæрдæ адæймæгутæ. Уони фæрци нæ маддæлон æвзаг цæруй æма федарæй мæ зæрдæ дарун, цардгъон уодзæнæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Васой берæ аспиранттæй айдагъдæр Зойæ багъæуай кодта пленкæбæл финст лекцитæ æма си киунугæ æрæмбурд кодта. Зойæ æй æцæг ахургонд, уæдта Иристони патриот. Сæрустур си ан, æма ин зæрдиагæй арфæ кæнун нæ муггаги номæй. Аци киунугæ цæмæдесаг æй уомæй, æма нин уой фæрци ес равгæ нæ номдзуд ахургонд авестæ æма рагон персайнаг æвзæгтæ æма текcтæ æ лекцитæ æма семинарти куд кастæй, уони базонун, уой хæццæ ба ма ин æ гъæлæси уагæмæ байгъосунæн киунуги ци аудиоæфтауæн ес, уомæй.

## УОТÆ ЦÆМÆН ДЗОРÆН?



### МÆГУР ЛÆГ – СОЙНÆЙДЗАГ

Хуæнхбæсти цæргæй зуймон уазали, уæлдайдæр сæумæй æма изæйрон кустити, ирон æгъдæутти, нихæси æнæ кæрцæй уазалæн неке бухстæй. Æма мæгур лæг, цæмæй æ кæрцæ фулдæр фæццардайдæ, уой туххæй æй фæлмæн кодта сторисойнæй. Фингæбæл бадгæй дæр æ сойнæйдзаг къохтæ хуæздæрæн æ кæрцæбæл æрсæрфидæ, æма ин хормæ æрттивта. Уотемæй еударон кæрци хецаубæл исбадтæй ном «Мæгур лæг – сойнæйдзаг». Æма ма нур дæр ирæнттæ кæрæдзей ку рафæрсунцæ, куд цæрис, зæгъæ, уæд ахид фегъосæн ес: «Неци мин æй. Мæгур лæг – сойнæйдзаг».

## ТÆФИРФÆСТÆ



Республикон газет «Дигорæ»-йи редакций коллектив хъæбæр хъонцгæнгæй тæфирфæс кæнуй бийнонтæн æма хеуæнттæн сахар Дигорай Цæголти Геуæргий номбæл историон-мемориалон музейи разамонæг, историон наукити кандидат, Цæгат Иристони культури æскъуæлхт косæг, Дигори райони кадгин гражданин **ЛОЛАТИ Батраз Петри фурт** ке фæззиан æй, уой фæдбæл.

Мæрдæгъдæуттæ арæзт цæудзæнæнцæ 7 декабри сахар Дигорай, Къолой-фурти гъæунги 138-аг хæдзари.



Республикон газет «Дигорæ»-йи редакций коллектив зæрдхъурмæй тæфирфæс кæнуй не 'мкосæг Гибизти Регинæн, **ГАЦОЛАТИ-ТАХЪАЗТИ Таймораз кизгæ Ирмæ** ке фæззиан æй, уой фæдбæл.

**Дигорæ**

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службы Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **530.** Заказ **№ 2644.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 05.12.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 05.12.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**